

**MUSHUMO WEKUTANGA WEONGORORO
YEZVINHU ZVINOKANGANISA NHOROONDO
YEZVAKAPOTEREDZA NEVANHU (ESIA)
WEKAMATIVI MINING COMPANY**

Zviri muMushumo

1.0 Nhanganyaya.....	
2.0 Tsananguro Yakazara yeProjekiti Inorongwa.....	
2.1 Zita reProjekiti: Kuongorora, Kuchera uye Kugadzira Zvicherwa zveLithium paKamativi.....	
2.2 Muridzi/Mutsigiri weProjekiti.....	
2.3 Nzvimbo Inoitirwa Projekiti.....	
2.4 Mamiriro neNguva Ichatora Projekiti.....	
• 2.4.1 Kuongorora nzvimbo yezvicherwa	
• 2.4.2 Kuchera mugomba rakavhurika.....	
• 2.4.3 Kugadzira ore/chicherwa.....	
• 2.4.4 Kutora mvura.....	
• 2.4.5 Zvivakwa zvinotsigira projekiti.....	
2.5 Nguva Ichagara Projekiti.....	
2.6 Pfupiso yeMagadzirirwo eMvura Inodiwa.....	
3.0 Kuzivikanwa kwekutanga kwezvinogona kukanganiswa neProjekiti paZvakatipoterredza neVanhu pamwe nematanho ekuderedza kukanganisa.....	
4.0 Tsananguro yeMaitiro eESIA, Nguva uye Kubatanidzwa kweVanhu neVamwe Vanobatsirwa.....	
4.1 Matanho eESIA.....	
• 4.1.1 Kuongorora kwekutanga uye kuona zvinofanira kudzidzwa.....	
• 4.1.2 Kuunganidza mashoko ekutanga pamusoro penzvimbo.....	
• 4.1.3 Kuziva zvinogona kukanganiswa uye kuongorora kukosha kwekukanganisa.....	
• 4.1.4 Misangano neveruzhinji nevamwe vanobatsirwa.....	
• 4.1.5 Kugadzirira gwaro reESIA.....	
• 4.1.6 Kuendesa gwaro kuEnvironmental Management Agency (EMA) kuti riongororwe uye ripihwe mvumo.....	
• 4.1.7 Kuitwa kweprojekiti uye kuongororwa.....	
4.2 Nguva Inofungidzirwa yeMabasa.....	
4.3 Mikana yekuti Vanhu nevamwe Vanobatsirwa Vapinde muhurongwa.....	
5.0 Mashoko Ekubata Vanotungamirira ESIA.....	
6.0 Mhedziso.....	

1.0 NHANGANYAYA

Gwaro iri igwaro rekutanga reEnvironmental and Social Impact Assessment (ESIA), kureva Ongororo yeZvinogona Kukanganisa Zvakatipoteredza neVanhu, yeProjekiti yeKamativi Mining Company yekuongorora, kuchera nekugadzira zvicherwa zvine lithium.

Gwaro iri rakagadzirirwa maererano neEnvironmental Management Act [Chapter 20:27] nemitemo nemirau inoenderana nemutemo uyu.

Gwaro iri rinosanganisa mashoko anofanirwa kuongororwa nekusimbiswa kubva mu KMC ESIA Addendum Report (2025) pamwe ne Feasibility **Study of Zimbabwe KMC Kamativi Lithium Polymetallic Ore Mine Project (2024).**

2.0 TSANANGURO YAKAZARA YEPROJEKITI INORONGWA

2.1 Zita reProjekiti

Kuongorora, Kuchera uye Kugadzira Zvicherwa zveLithium paKamativi

2.2 MURIDZI/MUTSIGIRI WEPROJEKITI

Kamativi Mining Company (Pvt) Ltd
No. 45 Orange Grove, Highlands, Harare
Munhu Wekubata:
VaJianguo Ye
Runhare: +263 775 827 384
VaLiang – Mumiriri weESIA
Runhare: +263 775 827 384

2.3 NZVIMBO IRI KUITIRWA PROJEKITI

Mugodhi uyu ucharongwa muWard 11, Hwange District, Matabeleland North Province, inenge 29 km kumabvazuva kweCross Dete.

Zvivakwa zvekupa mvura zvichabatanidza Gwayi River catchment, Kamativi Dam iripo uye dhamu idzva rekuwedzera mvura richavakwa neKamativi Mining Company. Idzi ndidzo dzichava nzvimbo huru dzekutorera mvura.

2.4 MAMIRIRO NEZVINOZOITWA MUPROJEKITI

Projekiti iyi ichange ine mabasa anotevera:

2.4.1 KUONGORORA NZVIMBO YEZVICHERWA

Kuongorora nzvimbo dzine spodumene-bearing pegmatites, kureva matombo ane zvicherwa zvinogona kunge zvine lithium.

2.4.2 KUCHERA MUGOBA RAKAVHURIKA

Kuchera zvicherwa zve spodumene-bearing pegmatites pachishandiswa nzira yekuchera mugomba rakavhurika.

2.4.3 KUGADZIRA ORE/CHICHERWA

Ore/chicherwa chichagadzirwa pachishandiswa nzira dzinosanganisira:

- Kupwanya chicherwa;
- Flotation;
- Magnetic separation; uye
- Kutarisira nekuchengetedza tailings.

Tailings imarara anoramba asara mushure mekunge zvicherwa zvinodiwa zvabviswa kubva muore.

2.4.4 KUTORA MVURA

Mvura ichatorwa pachishandiswa floating-pump intake system, kuitira kuti pave nemvura inokwana gore rose.

2.4.5 ZVIVAKWA ZVINOTSIGIRA PROJEKITI

Zvivakwa zvinotsigira projekiti zvinosanganisira:

- Migwagwa yekupinda nekubuda;
- Ma workshop;
- Nzvimbo dzekuchengetera ma reagent nemakemikari;
- Mahofisi;
- Zvimwe zvivakwa zvinodiwa mukushanda kwemugodhi.

2.5 NGUVA ICHAGARA PROJEKITI

Projekiti inotarisirwa kushanda kwemakore angangoita 20.

Ichaitwa muzvikamu zviviri zvekugadzira:

Chikamu chekutanga: 0.6 Mt ore pagore

Chikamu chechipiri: 2.0 Mt ore pagore

2.6 PFUPISO YEMAGADZIRIRWO EMVURA INODIWA

Maererano ne Feasibility Study yakaitwa neChina Nerin:

- Mvura inodiwa pachirimwa: inenge 42 915 m³ pazuva.
- Chikamu chemvura chichadzokororwa kushandiswa: 93%.
- Mvura itsva inodiwa: 7 200 m³ pazuva, ichatorwa muKamativi Reservoir nedhamu idzva re 1# supplementary dam.

- Imwe nzira yekuwana mvura: Gwayi River (2# make-up water) ichapinzwa nepombi ye DN300 HDPE, inenge 2 km kureba.
- Nzira yekutora mvura: Floating platform pumps dzine simba rekupomba 150 m³/h, head ye 110 m, uye simba re 110 kW.
- Pachange painewo water-treatment plant inokwanisa kugadzira/kurapa mvura inosvika 7 200 m³ pazuva.

3.0 KUZIVIKWA KWEKUTANGA KWEZVINOGONA KUKANGANISWA NEPROJEKITI PAZVAKATIPOTEREDZA NEVANHU UYE MATANHO EKUDZORA KUKANGANISA

Nzvimbo Inogona Kukanganiswa	Zvinogona Kukanganiswa	Matanho Ekuderedza kana Kudzora Kukanganisa
Zviwanikwa zvemvura	Kuchinja mafambiro kana kuwanikwa kwemvura pamusoro pevhu; kusvibiswa kwemvura nemvura inobuda muchirimwa	Kuvaka madhamu/tailings ponds ane lining; kushandisa return-water system; kurapa mvura mbishi nemvura inoshandiswa muchirimwa pachishandiswa clarifiers kuitira kuti idzokororwe mukugadzira uye kudzivirira tailings effluent kuti isapinda munzvimbo kana mumvura.
Hydrology / Siltation	Kuwedzera kwejecha nevhu rinotakurwa nemvura panguva yekuvaka uye kutora mvura	Kuisa silt traps uye gabion retaining walls; kugadzirisa nzvimbo dzakakanganiswa zvishoma nezvishoma kuburikidza neprogressive rehabilitation.
Hunhu hwemvura yepasi pevhu	Mvura inogona kubuda ichipinda muvhu kubva kuTSF kana nzvimbo dzemafuta	Kuisa HDPE geomembrane muTSF; kuongorora mvura yepasi pevhu kota yoga yoga.
Hunhu hwemhepo uye ruzha	Guruva uye vibration rinokonzerwa nekuputika kwematombo	Kumwaya mvura kudzora guruva; kuronga nguva dzekuputika kwematombo; kushandisa PPE; kupa vanhu vari munharaunda yambiro kana blasting yava kuitwa.

Zvisikwa zvipenyu (Biodiversity)	Kurasika kwezvinomera uye kukanganiswa kwezvipenyu zvemumvura	Kumaka nekudzivirira nzvimbo dzakakosha dzezvisikwa; kudyarazve nzvimbo dzakakanganiswa pachishandiswa miti nezvinomera zvemuno.
Kutarisirwa kwemarara	Kugadzirwa kwemarara ane njodzi nemarara emumba	Kuparadzanisa marara panobva; kutakura nekurasira marara kunzvimbo dzine mvumo maererano ne SI 6 of 2007.
Utano nekuchengetedzeka kwevashandi	Tsaona, kusangana neguruva kana makemikari	Kuita SHE Plan; kupa PPE; kudzidzisa vashandi nguva nenguva; kuita medical surveillance.
Hupfumi nemagariro evanhu	Nyaya dzekutamiswa kwevanhu, kuwanda kwevanhu vari kutsvaga mabasa uye kumanikidzwa kwezviwanikwa	Kugadzira mutemo wekupa vanhu vemunharaunda mikana yemabasa; community benefit schemes; uye zvirongwa zveCSR zvakaita semaborehole, mvura kuzvikoro uye kubatsira makiriniki.
Nhaka nemagariro	Kukanganiswa kwenzvimbo dzine nhoroondo kana kukosha kwetsika	Kushandisa Chance Find Procedure; kubvunza National Museums and Monuments of Zimbabwe kana paine zvinhu zvenhoroondo kana zvimwe zvinokosha zvakanikwa.
Cumulative effects / Kukanganisa kunowedzerana	Kutorwa kwemvura uye kuburitswa kwemvura ine tailings	Kuenderera mberi nekuongorora nekugadzirisa nzira dzekutarisira kukanganisa zvichienderana nemigumisiro yekuongorora uye ma permit eZINWA.

4.0 TSANANGURO YEMAITIRO EESIA, NGUVA UYE KUBATANIDZWA KWEVANHU NEVAMWE VANOBATSIRWA

4.1 MATANHO EESIA

4.1.1 KUONGORORA KWEKUTANGA UYE KUONA ZVINO FANIRA KUONGORORWA

Kusarudza huwandu nerudzi rweESIA hunodiwa pamwe nekugadzira Terms of Reference (TOR) inotenderwa ne Environmental Management Agency (EMA).

4.1.2 KUUNGANIDZA MASHOKO EKUTANGA PANE NZVIMBO

Kuunganidza mashoko pamusoro pe:

- Zvakatipoteredza;
- Mvura;
- Zvipenyu;
- Ivhu;
- Mhepo;
- Ruzha;
- Zvemagariro evanhu;
- Hupfumi; uye
- Mamwe mamiro enzvimbo.

Ongororo idzi dzichaitwa munguva dzemwaka wemvura uye mwaka wakaoma kuitira kuti pave nemashoko anomiririra mamiro akasiyana egore.

4.1.3 KUZIVA ZVINO GONA KUKANGANISWA UYE KUONGORORA KUKOSHA KWEKUKANGANISA

Zvinogona kukanganiswa neprojekiti zvichazivikanwa uye kuongororwa pachishandiswa impact assessment matrices nemachecklist, maererano nezvinodiwa ne Statutory Instrument 7 of 2007.

4.1.4 MISANGANO NEVANHU NEVAMWE VANO BATSIRWA

Misangano ichaitwa nevamwe vanobatsira uye vane chekuita neprojekiti, kusanganisira:

- Hwange Rural District Council;
- ZINWA;
- EMA;
- Vagari vemunharaunda;
- Madzishe nevatungamiri vechivanhu;
- Zvimwe zvikwata nemasangano akakodzera.

Vanhu vachapihwa mukana wekubvunza mibvunzo, kupa maonero avo uye kutaura zvinovanetsa pamusoro peprojekiti.

4.1.5 KUGADZIRWA KWE GWARO REESIA

Mashoko anobva ku Feasibility Study, baseline surveys, stakeholder consultations uye ongororo yezvinogona kukanganiswa achabatanidzwa mukugadzira gwaro reESIA.

Gwaro iri richasanganisirawo matanho ekudzivirira, kuderedza nekugadzirisa kukanganisa kwezvakatipoterredza nemagariro evanhu.

4.1.6 KUENDESA GWARO KUENVIRONMENTAL MANAGEMENT AGENCY (EMA) KUTI RIONGORORWE UYE RIBVUMIRWE

Gwaro reESIA richaiswa ku Environmental Management Agency (EMA) kuti riongororwe uye riwanikwe mvumo maererano nemitemo yenyika.

4.1.7 KUITWA KWEPROJEKITI UYE KUONGORORWA

Mushure mekubvumidzwa kweprojekiti, Environmental and Social Management Plan (ESMP/EMP) ichaitwa.

Izvi zvichabatanidza:

- Kudzora kukanganisa;
- Environmental monitoring;
- Social monitoring;
- Environmental inspections;
- Environmental audits;
- Kugadzirisa zvinetso zvinowanikwa; uye
- Kutaura nekupa mishumo kune vane masimba.

4.2 NGUVA INOFUNGIDZIRWA YEMABASA

Basa	Nguva Inofungidzirwa	Nguva Yakarongwa
Scoping uye kubvumidzwa kweTOR	Mavhiki 3	Ndira 2025
Baseline studies uye fieldwork	Mavhiki 6	Kukadzi–Kurume 2025
Stakeholder consultations	Mavhiki 4	Kurume–Kubvumbi 2025
Kugadzira Draft ESIA	Mavhiki 4	Chivabvu 2025
EMA review uye sarudzo	Mavhiki 6	Chikumi–Chikunguru 2025
Kuitwa kweEMP uye monitoring	Kuenderera mberi	Kubva Nyamavhuvhu 2025

4.3 MIKANA YEKUBATANIDZA VANHU NEVAMWE VANOBATSIRWA

Vanhu nevamwe vane chekuita neprojekiti vachapihwa mikana yakasiyana yekupa maonero avo.

1. Zviziviso kvanhu

Zviziviso zvichaburitswa mumapepanhau enyika uye panzvimbo dzakakodzera munharaunda.

2. Misangano yekubvunzana

Misangano ichaitwa munzvimbo dzinosanganisira:

- Kamativi.
- Cross Dete.
- Hwange Rural District Council offices.

3. Focus Group Discussions

Misangano midiki ichaitwa nemapoka akadai se:

- Vagari vemunharaunda;
- Vamiriri vezvikoro;
- Vamiriri vemakiriniki;
- Mamwe mapoka akakosha munharaunda.

4. Nzira dzekupa maonero kana zvichemo

Vanhu vachakwanisa kupa maonero avo kana zvichemo vachishandisa:

Email: liangdexi321@gmail.com

Runhare: +263 775 827 384

5. Kuonekwa kweDraft ESIA

Gwaro reDraft ESIA richaitwa kuti vanhu varione uye vape maonero avo kwemazuva 21 risati raendeswa kuEMA.

5.0 MASHOKO EKUBATA VANOTUNGAMIRIRA ESIA

Basa / Mutoro	Zita / Sangano	Mashoko Ekubata
Muridzi/Mutsigiri weProjekiti	Kamativi Mining Company (Pvt) Ltd	No. 45 Orange Grove, Highlands, Harare

Managing Director / Munhu Akapiwa Simba Rekusaina	VaJianguo Ye	Runhare: +263 775 827 384
Environmental Manager / ESIA Coordinator	VaLiang	Email: liangdexi321@gmail.com ; Runhare: +263 775 827 384
Environmental Consultant	Geovannah Consultancy (Pvt) Ltd – Lead Consultant VaAlbert Jaya (Environmentalist)	Harare Office; Anoona nezvekugadzirwa kweESIA uye kubatana neEMA
Regulatory Authority	Environmental Management Agency (EMA) – Head Office, Harare	Inoona nezvekutarisa nekupa mvumo

6.0 MHEDZISO

Projekiti ye Kamativi Mining Company ine zvimwe zvinogona kukanganisa zvakatipoterredza uye magariro evanhu, asi kukanganisa uku kunogona kudzivirirwa, kuderredzwa uye kutarisirwa zvakanaka kana matanho akakodzera akaitwa.

ESIA yakazara ichatevera ichaongorora nekusimbisa huwandu uye kukosha kwezvinogona kukanganiswa neprojekiti, kusanganisira:

- Mvura;
- Mhepo;
- Ivhu;
- Zvipenyu nemiti;
- Mhuka;
- Ruzha uye vibration;
- Marara;
- Utano nekuchengetedzeka kwevashandi;
- Hupfumi nemagariro evanhu;
- Nhaka nemagariro echivanhu; uye
- Zvimwe zvinogona kukanganiswa.

Matanho ekudzivirira nekuderedza kukanganisa achagadzirwa achitevedzera Environmental Management Act [Chapter 20:27], SI 7 of 2007, pamwe nemamwe mitemo nemaitiro akanaka epasi rose anoshanda.

Kubatanidzwa kwevanhu kuchave chikamu chakakosha cheESIA. Vagari vemunharaunda nevamwe vane chekuita neprojekiti vachapihwa mukana wekupa maonero, mibvunzo, zvichemo uye mazano kuitira kuti zvinovanetsa zvitariswe mukugadzirwa nekuitwa kweprojekiti.

MASHOKO AKAKOSHA KUVAGARI

Maonero enyu akakosha. Kana muine mibvunzo, zvinovanetsai kana mazano pamusoro peProjekiti yeKamativi Mining Company, munokurudzirwa kuti muzvibudise panguva yemisangano yekubvunzana kana kushandisa nzira dzekubata dzakapihwa mugwaro iri.

Kamativi Mining Company – Kuvandudza hupfumi tichichengetedza vanhu nezvakatipoterredza.